

KRIS VIVAN AN

TEMWAYAJ APOT YO

LEGLIZ JEZIKRI POU SEN DÈNYE JOU YO

Pandan n ap fete nesans Jezikri ki te fèt sa gen demil ane, n ap ofri temwayaj nou sou reyalite lavi ki pa gen parèy li a ak vèti enfini gwo sakrifis ekspyatwa li a. Pa gen pèsounn ki janm gen yon kokenn chenn enfliyans konsa sou tout moun ki te viv epi ki ap gen pou viv sou tè a.

Se li ki te Gran Jewova Ansyen Testaman an, Mesi Nouvo Testaman an. Sou direksyon Papa li, se li ki te kreyatè tè a. “Toutes choses ont été faites par lui; et rien de ce qui a été fait n’a été fait sans lui” (Jean 1:3). Malgre li te san peche, li te batize pou l te akonpli tout jistis. “Il allait de lieu en lieu faisant du bien” (Actes 10:38), malgre yo te meprize li. Levanjil li a sete yon mesaj lapè ak bon volonté. Li te egzòte tout moun pou suiv egzanp li. Li te mache sou wout Palestin yo, li te geri malad, fè avèg wè, e l te leve moun ki te mouri. Li te anseye verite letènite yo, reyalite egzistans premòtèl nou, bi lavi nou sou tè a, ak potansyèl nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye nan lavi k ap vini an.

Li te tabli òdonans Sentsèn nan kòm yon rapèl gwo sakrifis ekspyatwa li a. Yo te arete li epi yo te kondane li sou fo akizasyon, yo te deklare l koupab pou yo te satisfè yon popilas, epi kòm santans pou l mouri sou bwa Kalvè. Li te bay lavi li pou ekspye peche tout limanite. Lavi li te yon gwo kado ki te bay nan plas pa tout moun ki gen pou viv sou tè a.

Nou temwaye solanèlman ke lavi li, ki se sant tout istwa lèzòm, pa t ni kòmansé nan Betleyèm ni fini sou Kalvè a. Li te Premye pitit Papa a, Sèl Pitit Gason Byeneme li nan lachè, Redanmtè mond lan.

Li te leve soti nan tonm pou l vin “les prémices de ceux qui sont morts” (1 Corinthiens 15:20). Antanke Senyè resisite, li te vizite moun li te renmen lè l te vivan. Li te vin anseye “lòt brebi” l yo (Jean 10:16) nan Amerik tan lontan an. Nan mond modèn nan, Li menm ak Papa l te parèt sou yon ti gason ki te rele Joseph Smith, konsa “dispansasyon plenitid tan yo te pwomèt depi lontan an te kòmansé” (Ephésians 1:10).

Konsènan Kris Vivan an, Pwofèt Joseph te ekri: “Ses yeux étaient comme une flamme de feu, ses cheveux étaient blancs comme la neige immaculée, son visage était plus

brillant que l’éclat du soleil et sa voix était comme le bruit du déferlement de grandes eaux, oui, la voix de Jéhovah, disant:

“Je suis le premier et le dernier; je suis celui qui vit, je suis celui qui fut immolé; je suis votre avocat auprès du Père.” (D & A 110: 3–4).

Pwofèt la te deklare tou konsènan li menm: “Et maintenant, après les nombreux témoignages qui ont été rendus de lui, voici le témoignage, le dernier de tous, que nous rendons de lui: qu’il vit!

“Car nous le vîmes, et ce, à la droite de Dieu; et nous entendîmes la voix rendre témoignage qu’il est le Fils unique du Père—

“que par lui, à travers lui et en lui, les mondes sont et furent créés, et que les habitants en sont des fils et des filles engendrés pour Dieu” (D & A 76:22–24).


Nou deklare nan mo solanèl prètèri li a ak legliz li a te retabli sou tè a — “édifiés sur le fondement des apôtres et des prophètes, Jésus-Christ lui-même étant la pierre angulaire” (Ephésians 2:20).

Nou temwaye yon jou l ap retounen sou tè a. “Alors la gloire de l’Eternel sera révélée, et au même instant toute chair la verra” (Esaïe 40:5). Li pral dirije kòm Wa tout Wa yo epi reye kòm Senyè tout Senyè yo, epi tout jenou ap koube devan l, tout lang ap pale pou adore l. Nou chak ap kanpe pou li jije nou selon zèv nou ak dezi kè nou yo.

Nou rann temwayaj, antanke vrè Apot òdone l yo — ke Jezi se Kris Vivan an, Pitit Gason imòtèl Bondye a. Li se gran Wa Emanyèl la, ki kanpe jodi a dwat Papa li. Li se limyè, lavi ak lespwa mond lan. Chemen l lan se wout ki mennen nan bonè nan lavi sa a ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an. Nou di Bondye mèsi pou kado Pitit Gason diven li an, ki se yon kado moun p ap ka konpare.

Nou rann temwayaj, antanke vrè Apot òdone l yo — ke Jezi se Kris Vivan an, Pitit Gason imòtèl Bondye a. Li se gran Wa Emanyèl la, ki kanpe jodi a dwat Papa li. Li se limyè, lavi ak lespwa mond lan. Chemen l lan se wout ki mennen nan bonè nan lavi sa a ak lavi etènèl nan mond ki gen pou vini an. Nou di Bondye mèsi pou kado Pitit Gason diven li an, ki se yon kado moun p ap ka konpare.

PREMYE PREZIDANS LAN



janvye 1, 2000

KOLÈJ DOUZ APOT YO

